

# Na ngay serlu ci jamonoy tàngoor wii

Jamonoy tàngoor ak jàwwu ju tooy yamul  
ci nàqqari rek. Tangoor wu tar mooy xeetu  
jàwwu bu gëna mëna faat doomu-adama ci  
dëkku New York City.

Waajalal sa bopp te nga aar sa bopp  
ak ñeneen ñi ci jamonoy tangoor wi:

## Mandargaay feebar bu joge ci tàngoor

Sudee yaw wala koo xam dafa am ay mandargay feebar yuy joge  
ci tangoor, wutal barab bu sedd, summil yere yi nga tegle, te nga  
naan ndox mu bari ci saas yi. Bu fekke da nga am mandargaay  
feebaru tàngoor, wooteel ci **911**.

### Coono bu joge ci tàngoor

Bopp buy metti

Miir wala di  
waaja xëm

Ñaqq bu bari

Yaram wu sedd  
te tooy

Xel muy teey wala  
ñakka mëna lekk

Siditu baat buy  
tëf-tëfi ci lu gaaw  
te neew doole

Cawarte gyy  
wàññeeku

Suux yuy  
karamp

### Feebaru tàngoor

Jaxasoo, jeñeer, ak gëlëm

Miir

Ñakk a yëggati lu xew  
wala ñakka mëna tontu

Noyyi gyy fatt

Xel muy teey  
wala waccu

Siditu baat buy tëf-

Yaram wu  
neew kàttan

Yaram wu tàng,  
wu wow



**Coono bu joge ci  
tàngoor** mën na joxe  
feebaru tàngoor.



**Feebaru tàngoor** mën  
na faat bàkkan bu  
amul paj mu gaaw.

## Yaa ngi gëna jege lorange feebar yuy joge ci tàngoore bu fekkee:

- Da ngay naan sàngara lu bari wala ngay jëfandikoo dorog
- Amu loo kilim
- Da nga am feebar bu dul wer, lu mel ni feebaru xol wala feebaru xel wala jabeet
- Da ngay jël garab yuy tax sa yaram du mëna sedd, lu mel ni garab yuy sawloo'waate, wala garabu xel yi wala garabu tansyon yi
- Mënu loo dem fu sori
- Da ngaa ëmb



Xale yu amagul 4 at ak mag yu am 60 at ak lu ko ëpp tamit mën nañu tàbbi ci lorange gi.

## Na nga serlu ci biti

- Moytul di boole naan sàngara, ak lu am kafe, wala suukër.
- Naanal ndox mu bari, donte maruloo.
- Nekkai ci ker gi.
- Solal yère yu woyof ak mbaxana.
- Solal ay linet'u naaj yu am dooley kaarange IPS 15 wala lu ko ëpp.
- Maytul di def tàggat-yaram yu metti yi.
- Soppil li nga wara def ci biti jobbu ci waxtu suba teel yi ak waxtu ngoon yi, bu jànt bi tàngul lool.
- Na ngay noppalu ci barab bu am kilim.

Ngir am yeneeni leeral, duggal ci [nyc.gov/health/heat](https://nyc.gov/health/heat).  
Ngir am barabu serlukaay ci taaxu New York City, wooteel ci **311** wala nga yër [finder.nyc.gov/coolingcenters](https://finder.nyc.gov/coolingcenters).



Ngir am xibaar yu gëna yaatu ci wàllu kaarange ak wergi-yaram ci dëkku taaxu New York City, yëral [nyc.gov/healthysummer](https://nyc.gov/healthysummer) wala nga eskane kot QR bi.